

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*. Kumpulan carita pondok *Panggung wayang* mangrupa kumpulan carita podok karya Aam Amalia anu munggaran jeung anu panglengkepna. Ieu kumpulan carita pondok téh eusina 50 judul carpon. Saperti nu dipedar dina tabél di handap.

Tabél 3.1

Judul–Judul Carpon dina Kumpulan Carita Pondok *Panggung Wayang*

No	Judul Carpon	Tempat Dipedalkeuanna	Téma
1	“Timburu”	<i>Manglé</i> , No. 100	Cinta
2	“Talaga Nu Liuh”	<i>Manglé</i> , No.121	Rumah tangga
3	“Kikisik Sisi Basisir”	<i>Hanjuang</i> , No. 3	Cinta
4	“Sabot Panonpoé Surup”	<i>Hanjuang</i> , No.4	Tanggung jawab
5	“Halimun”	<i>Hanjuang</i> No. 08	Tanggung jawab
6	“Rarakitan”	<i>Hanjuang</i> , No. 014	Cinta
7	“Ratu Nu Pangdusunna”	<i>Manglé</i> , No 347	Rumah tangga
8	“Deudeuh Nila”	<i>Manglé</i> , No. 314	Rumah tangga
9	Satria Gagah Sakti	<i>Manglé</i> , No 337	Sosial
10	“Laut Kidul Kabéh Katingali”	<i>Manglé</i> , No 314	Tanggung jawab
11	“Sumuhun Dawuh”	<i>Manglé</i> , No 922	Sosial
12	“Dukun Kartu”	<i>Manglé</i> , No 872	Budaya
13	“Angin Jalan-Jalan”	<i>Manglé</i> , No. 814	Sosial
14	“Kedok”	<i>Manglé</i> , No 816	Rumah tangga
15	“Lipstik”	<i>Manglé</i> , No 866	Rumah tangga
16	“Eyang Putri Ronggengsari”	<i>Manglé</i> , No 876	Budaya
17	“Lalajo Wayang”	<i>Manglé</i> , No 881	Budaya
18	“Fatamorgana”	<i>Manglé</i> , No 1019	Rumah tangga

No	Judul Carpon	Tempat Dipedalkeuanna	Téma
19	“Alwasim”	<i>Manglé</i> , No 1000	Sosial
20	“Peso Balati”	<i>Manglé</i> , No 990	Sosial
21	“Angin Rintih Langit lénglang”	<i>Manglé</i> , No 982	Rumah tangga
22	“Sora”	<i>Manglé</i> , No 964	Rumah tangga
23	Karang	<i>Manglé</i> , No 938	Cinta
24	“Imah Anu Tiis Tingtrim”	<i>Manglé</i> , No. 947	Rumah tangga
25	“Boneka Diuntun Dua”	<i>Manglé</i> , No 934	Sosial
26	“Sinom Sumbang”	<i>Manglé</i> , No 953	Tanggung jawab
27	“Umbul-Umbul”	<i>Manglé</i> , No. 965	Sosial
28	“Buronan”	<i>Manglé</i> , No.-----	Sosial
29	“Peuting Ngagayuh Ka Subuh”	<i>Manglé</i> , No 653	Rumah tangga
30	“Harga Kajujuran”	<i>Manglé</i> , No. 710	Sosial
31	“Lir sakeclak ciibun”	<i>Manglé</i> , No. 752	Rumah tangga
32	“Nu Reureuh Handapeun Tangkal”	<i>Manglé</i> , No. 807	Sosial
33	“Ngeunteung”	<i>Manglé</i> , No. 689	sosial
34	“Galatik”	<i>Manglé</i> , No. 637	Sosial
35	“Sit Uncuing”	<i>Manglé</i> , No. 665	Budaya
36	“Jugjugeun”	<i>Manglé</i> , No. 673	sosial
37	“Jasa”	<i>Manglé</i> , No.662	sosial
38	“Orok”	<i>Manglé</i> , No.977-980	mistik
39	“Korsi Goyang”	<i>Manglé</i> , No 866-871	mistik
40	“Imah Angker”	<i>Katumbiri</i> No. 2	Misteri
41	“Sarung Batik”	<i>Katumbiri</i> , No 3	Misteri
42	“Heulang Ruyuk”	<i>Katumbiri</i> , No.7	Misteri
43	“Randa Beunghar”	<i>Katumbiri</i> , No 5	Misteri
44	“Dina Hiji Peuting”	<i>Galura</i> , No. 2 Taun ka-1	Rumah tangga
45	“Méga-méga Tingrariak”	<i>Katumbiri</i> , No 8	Sosial

46	“Dina Lolongkrang Peuting”	<i>Galura</i> , No.37 Taun ka-3	Sosial
47	“Tepung Taun”	<i>Galura</i> , No.19 Taun ka-3	Budaya
48	“Panonpoé Tunggang Gunung”	<i>Galura</i> , No.40 Taun ka-3	Cinta
49	“Kongorong Emas”	<i>Galura</i> , No 10 Taun ka-4	sosial
50	“Kincir Angina Muter Kénéh”	<i>Galura</i> , No24 Taun ka-4	Cinta

Sabada diidentifikasi dumasar kana téma, téma dina ieu carpon kabagi jadi 7 téma jembar nya éta, budaya, cinta, mistik, mistreri, rumah tangga, tanggung jawab, jeung sosial, saperti nu dipedar ieu di handap.

3.2 Tabél

Judul Carpon dumasar Téma Budaya

NO	Judul Carpon	Tempat di Pedalkeunana
1	“Dukun Kartu”	<i>Manglé</i> , No 872
2	“Eyang Putri Ronggeng Sari”	<i>Manglé</i> , No 876
3	“Lalajo Wayang”	<i>Manglé</i> , No 881
4	“Sit Uncuing”	<i>Manglé</i> , No. 665
5	“Tepung Taun”	<i>Galura</i> , No.19 Taun ka-3

3.3 Tabél

Judul Carpon dumasar Téma Cinta

NO	Judul Carpon	Tempat Dipedalkeunana
1	“Timburu”	<i>Manglé</i> , No. 100
2	“Kikisik Sisi Basisir”	<i>Hanjuang</i> , No. 3
3	“Rarakitan”	<i>Hanjuang</i> , No. 014
4	“Karang”	<i>Manglé</i> , No 938
5	“Panonpoé Tunggang Gunung”	<i>Galura</i> , No.40 Taun ka-3
6	“Kincir Angina Muter Kénéh”	<i>Galura</i> , No24 Taun ka-4

3.4 Tabél

Judul Carpon dumasar Téma Mistik

NO	Judul Carpon	Tempat Dipedalkeunana
1	“Orok”	<i>Manglé</i> , No.977-980
2	“Korsi Goyang”	<i>Manglé</i> , No 866-871

3.5 Tabél

Judul Carpon dumasar Téma Misteri

NO	Judul Carpon	Tempat Dipedalkeunana
1	“Imah Angker”	<i>Katumbiri</i> No. 2
2	“Sarung Batik”	<i>Katumbiri</i> , No 3
3	“Heulang Ruyuk”	<i>Katumbiri</i> , No.7
4	“Randa Beunghar”	<i>Katumbiri</i> , No 5

3.6 Tabél

Judul Carpon dumasar Téma Rumah Tangga

NO	Judul Carpon	Tempat Dipedalkeunana
1	“Talaga Nu Lih”	<i>Manglé</i> ,No.121
2	“Ratu Nu Pangdusunna”	<i>Manglé</i> , No 347
3	“Deudeuh Nila”	<i>Manglé</i> , No. 314
4	“Kedok”	<i>Manglé</i> , No 816
5	“Lipstik”	<i>Manglé</i> , No 866
6	“Fatamorgana”	<i>Manglé</i> , No 1019
7	“Angin Rintih Langit lénglang”	<i>Manglé</i> , No 982
8	“Sora”	<i>Manglé</i> , No 964
9	“Imah Anu Tiis Tingtrim”	<i>Manglé</i> , No. 947
10	“Peuting Ngagayuh Ka Subuh”	<i>Manglé</i> , No 653
11	“Lir Sakeclak Ciibun”	<i>Manglé</i> , No. 752
12	“Dina Hiji Peuting”	<i>Galura</i> , No. 2 Taun ka-1

3.7 Tabél
Judul Carpon dumasar Téma Sosial

NO	Judul Carpon	Tempat Dipedalkeunana
1	Satria Gagah Sakti	<i>Manglé, No 337</i>
2	“Sumuhun Dawuh”	<i>Manglé, No 922</i>
3	“Angin Jalan-Jalan”	<i>Manglé, No. 814</i>
4	“Alwasim”	<i>Manglé, No 1000</i>
5	“Péso Balati”	<i>Manglé, No 990</i>
6	“Boneka Diuntun Dua”	<i>Manglé, No 934</i>
7	“Umbul-Umbul”	<i>Manglé, No. 965</i>
8	“Buronan”	<i>Manglé, No.-----</i>
9	“Harga Kajujuran”	<i>Manglé, No. 710</i>
10	“Nu Reureuh Handapeun Tangkal”	<i>Manglé, No. 807</i>
11	“Ngeunteung”	<i>Manglé, No. 689</i>
12	“Galatik”	<i>Manglé, No. 637</i>
13	“Jugjugeun”	<i>Manglé, No. 673</i>
14	“Jasa”	<i>Manglé, No.662</i>
15	“Méga-méga Tingrariak”	<i>Katumbiri, No 8</i>
16	“Dina Lolongkrang Peuting”	<i>Galura, No.37 Taun ka-3</i>
17	“Kongorong Emas”	<i>Galura, No 10 Taun ka-4</i>

3.8 Tabél
Judul Carpon dumasar Téma Tanggung Jawab

NO	Judul Carpon	Tempat di Pedalkeunana
1	“Sabot Panonpoé Surup”	<i>Hanjuang, No.4</i>
2	“Halimun”	<i>Hanjuang No. 08</i>
3	“Laut Kidul Kabéh Katingali”	<i>Manglé, No 314</i>
4	“Sinom Sumbang”	<i>Manglé, No 953</i>

Patali jeung waktu, katut kasempétan dina nganalisisna, ku kituna teu sakabéh carita pondok bakal dianalisis, tapi kucara maké sampel *purposif* nya éta dumasar kana kabutuhan panalungtikan luyu jeung pamanggih Sedamaryanti (2002, kc. 131) anu netelakeun yén “*dalam sampling pertimbangan/purposive, pertimbangan peneliti memegang peranan, bahkan menentukan dalam pengambilan sekumpulan objek*”.

Arikunto (2010, kc. 183) anu netelakeun yén:

“*Sampel bertujuan atau purposive sample dilakukan dengan cara mengambil subjek bukan didasarkan atas strata, random atau daerah tetatpi didasarkan adanya tujuan. Walaupun cara ini diperbolehkan, yaitu peneliti bisa menenukan sampel berdasarkan tujuan tertentu, tetapi ada syarat-syarat yang harus dipenuhi.*


- a. *Pengambilan sampel harus didasarkan atas ciri-ciri, sifat-sifat atau karakteristik tertentu, yang merupakan ciri-ciri pokok populasi*
- b. *Subjek yang diambil banyak mengandung ciri-ciri yang terdapat pada populasi*
- c. *Penentuan karakteristik populasi dilakukan dengan cermat dalam studi pendahuluan*”

Tina pedaran diluhur katitén yén panalungtik bisa nangtukeun sampel dumasar kana kapentingan jeung kaperluan panalungtikan. Sabada di identifikasi jeung diklasifikasikeun dumasar kana tema. Tina 50 judul carpon nu aya, dipilih 20 carpon nu dianggap bisa ngawakilan jejer panalungtikan jeung bisa ngagambarkeunsituasi pajamanana.

carpon nu dipilih nya éta carpon anu dianggap bisa ngawakilan jejer panalungtikan. Nu jadi tinimbangan liana nya éta salaku salasihiji karya sastra nu jadi eunteung atawa titiron kahirupan (mimétik), carpon nu dipilih bisa ngahibur sarta gedé mangpaatna pikeun nu maca. Luyu jeung pamanggih Edgar Allan Poe (Wellek & Warren, 1990, kc, 24-25) anu nétélakeun yén karya sastra téh ngaboggan fungsi pikeun ngahibur, sakaligus ngajarkeun hiji hal anu aya mangpaatna. Éta hal ogé luyu jeung pamanggih Horace ngeunaan *dulce at etile*, yén sastra téh éndah sarta gedé mangpaatna.

3.2 Desain Panalungtikan


Panalungtikan kumpulan carita pondok *Panggung Wayang* (Tilikan Strukturalisme jeung Psikologi Sastra) digambarkeun dina désain panalungtikan sakumaha bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 : Desain Panalungtikan.

Tina bagan di luhur katitén yén kumpulan carita pondok dianalisis strukturna tuluy pikeun nganalisis aspék kajiwaan dipaké pamarekan psikologi sastra. Ieu desain téh dipiharep bisa ngajéntrékeun sarta ngajawab nu jadi jejer panalungtikan

Salian ti bagan di luhur ieu panalungtika ogé maké siklus analisis data model interaktif mangrupa salah sahiji model dina tahap ngumpulkeun jeung nganalisis data. Ieu model analisis upama digambarkeun katitén siga ieu di handap:



3.2 : Bagan Siklus Analisis Data Panalungtikan Model Interaktif

Saméméh dianalisis, data nu geus kakumpulkeun ngaliwatan téhnik-téhnik sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Satuluyna diklasifikasikeun, data direduksi ngaliwatan proses seleksi dumasar kana kapentingan panalungtikan. Kegiatan midangkeun data mangrupa hiji proses ngaorganisasikeun informasi anu kapaluruh ngaliwatan panalungtikan. Dina ieu pidangan data aya kagiatan nyindekkeun jeung *memverifikasi*. Basrowi (2008, kc. 209-210) nétélakeun yén kagiatan nyindekkeun jeung memverifikasi mangrupa léngkah penting dina prosés panalungtikan. Nyindekkeun hasil panalungtikan téh dumasar kana informasi analisis data nu geus dipaluruh. Sabada kitu dilaksanakeun tafsiran inteléktual kana kacindekan-kacindekan nu dicangking.

3.3 Metode Panalungtikan

Sacara umum metode panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan tujuan jeung mangpaat anu tangtu (Sugioyono, 2012, kc. 3). Metode panalungtikan téh mangrupa hiji tarékah anu dipaké pikeun ngahontal hiji tujuan. Arikunto (1996, kc. 150) nétélakeun yén metode panalungtikan teh nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana rumusan jeung tujuan nu hayang dihontal, metode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta metode kualitatif. Kalayan pidangan

data anu deskriptif nya éta mangrupa metode anu ngungkulan pasualan nu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun, atawa milah-milah, dipasing-pasingkeun, analisis sarta nafsirkeun data. Luyu jeung pamanggih Sukmadinata (2009, kc.72) anu nétélakeun yén metode deskriptif téh nya éta mangrupa metode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun rupa-rupa fenoména, boh anu sifatna alamiah boh jijiyeunan atawa rekayasa, kalayan museurkeun ulikanana kana wangun, kagiatan, karakteristik, parobahan, patalina, sasaran sarta bédana jeung fénoména liana. Ratna (2008, kc. 45-46) nétélakeun yén metode kualitatif déskriptif téh nya éta metode anu ngagunakeun penapsiran, pikeun mertahankeun hakékat ajén-ajén dina wangun deskriptif.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré jeung teu léso tina udagan panalungtikan, perlu ayana wangenan istilah-istilah anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan, sakumaha anu ditétélakeun ieu di handap:

1. Strukturalisme nya éta hiji kajian dina teori sastra anu medar tur nganalisis karya sastra dumasar kana hiji prinsip yén sastra téh nya éta hiji-hijina jalan pikeun néangan ma'na. Téks sastra téh nya éta dunya otonom. Téks sastra téh nya éta dunya kecap. Ku sabab kitu, makna gembeng téks sastra mah lain dumasar kana unsur perstruktur, tapi dumasar kana hubungan antara pangwangun hiji struktur/sistem. Struktur/sistem nu dimaksud dina ieu panalungtikan ngawengku: téma, alur, latar, tokoh jeung penokohan, judul, puseur impléngan, sarta gaya basa.
2. Psikologi sastra nya éta pamarekan anu boga sawangan yén karya sastra téh mindeng ngabahas karakter jeung paripolah manusa nu rupa-rupa. Psikologi sastra mangrupa konsép anu dipaké pikeun neuleuman aspék kajiwaan tokoh dina hiji carita. Ngaliwatan psikologi sastra, carpon ditalaah salaku karya sastra, nu mangrupa hasil tina kayaan kajiwaan jeung pamikiran pangarangna ku kituna pamarekan psikologi sastra dipaké pikeun meunang gambaran negunaan karakter jeung paripolah tokoh-tokohna.

3. Carita pondok nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta karangan prosa dina wangun lancar anu pondok, sarta ngabogaan sifat naratip. Carpon-carpon nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta carpon anu aya dina kumpulan carita pondok karya Aam Amilia anu judulna *Panggung Wayang*

3.5 Instrumen Panalungtikan

Pikeun mikanyaho struktur carita sarta aspék psikologis, anu aya dina sumber data. Diperlukeun hiji instrumén panalungtikan. Instrument anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta lembar analisis.

Lembar analisis anu dipaké dina ieu panalungtikan katitén saperti ieu di handap:

3.9 Tabél

Lembar Analisis

No	Struktur Carpon	Analisis	pangjentre
1	Tema		
2	Fakta carita		
	2.1. Alur		
	2.2 Latar		
	2.2.1 Latar Tempat		
	2.2.2. Latar waktu		
	2.2.3 Latar sosial		
	2.3. Tokoh		
	2.3.1 Tokoh Utama		
	2.3.2. Tokoh tambahan		
	2.4. Penokohan		
3	Sarana carita		
	3.1 Judul		
	3.2 Puseur Implengan		
	3.3 Gaya Basa		
4	Aspek Psikologis		

	Karakter jeung Paripolah tokoh utama		
	Karakter jeung paripolah tokoh tambahan		

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik Ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik taalaha pustaka, analisis téks (wacana). Téhnik talaah pustaka dipaké pikeun nalaah sajumlahing teori nu aya patalina jeung panalungtikan. Sedengkeung analisis téks dipaké pikeun neuleuman bahan nu geus dikumpulkeun tuluy diteuleuman eusina nepika kapanggih jeung jejer panalungtikan.

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu paling utama dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data. Suharsaputra (2012, kc.207) nétélakeun yén ngumpulkeun data dina enas-enasna mangrupa runtuyan prosés anu kudu dipilampah ku saurang panalungtik anu diluyukeun jeung panalungtikan anu keur dipilampah. Tahapan ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta make metode dokuméntasi. Arikunto (2010, kc.274) anu netelakeun yén metode dokumentasi nya éta cara néangan data ngeunaan hal-hal atawa variable nu mangrupa catétan, transkrip, surat kabar, majalah, prasasti, notulén rapat, legger, agenda jrrd.

Langkah-langkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dipilampah saperti ieu di handap:

- a. Maca kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*,
- b. Nyieun klasifikasi carpon dumasar kana témana.
- c. Nangtukeun/milah carpon nu rék dianalisis,
- d. Ngumpulkeun data nu geus kapanggih.

3.7 Téhnik Ngolah jeung Analisis Data

Sabada data kakumpulkeun ngaliwatan lembar analisis, tuluy data nu kapumpulkeun téh di analisis. Analisis data anu baris dipilampah ngaliwatan prosés-prosés kayanging, (1) réduksi data nya éta prosés ngolah data ti lapangan kalayan dipilih jeung dipilah, tuluy dibasajankeun kalayan ngarangkum nu penting-penting luyu jeung kabutuhan panalungtikan, (2) pidangan data, nya éta prosés dimana data-data nu réngsé diréduksi dipidangkeun pikeun dianalisis sacara gembleng, (3) kacindekan jeung verifikasi, sabada data dipidangkeun satuluyna data diverifikasi jeung dianalisis nepikeun ka meunangkeun gambaran ngeunaan masalah jeung jawaban tina panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan dipilampah saperti ieu di handap:

- a. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun
- b. Nyieun papasingan data struktur jeung aspék psikologis carpon
- c. Analisis struktur carita jeung aspék psikologis
- d. Ngadéskripsikeun struktur carita jeung aspék psikologis
- e. Nafsirkeun struktur carita jeung aspék psikologis
- f. Nyieun kacindekan